

Kijan pou Jwenn Èd pou Peye Fakti Lopital Ou Yo

Nuvance Health angaje pou ede pasyan yo avèk fakti lopital yo.

Kopi Politik Asistans Finansye Nuvance Health ak aplikasyon pou asistans finansye disponib nan Inite Komèsyal Etablisman an, Depatman Anrejistreman an, Depatman Ijans, ak nan Biwo Relasyon Kominotè yo. Aplikasyon yo disponib an Anglè, Panyòl, Pòtigè ak lòt lang ki komen pou kominote nou yo.

Lopital Nuvance Health yo (Lopital Danbury, New Milford, Norwalk ak Sharon nan CT, ak Vassar Brothers Medical Center, Northern Dutchess Hospital ak Putnam Hospital Center nan NY) pral pran yon rezolisyon sou elijibilite w pou asistans finansye osito posib aprè yo resevwa yon aplikasyon ki konplè pou asistans. Ou pral resevwa avi ekri konsènan rezilta dosye ou an.

Sizoka yo rejte aplikasyon ou an, nou pral ba w reson ki fè yo rejte l epi ba w enfòmasyon sou fason pou fè apèl kont rezolisyon an. Sizoka ou chwazi fè apèl, nou pral travay avèk ou pou asire ke nou konsidere tout done ki koresponn yo lè n ap pran dènye rezolisyon nou an.



24 Hospital Avenue
Danbury, CT 06810

www.nuvancehealth.org/financialassistance



Asistans Finansye

Kalifikasyon pou asistans pou fakti medikal ou yo



Èske ou pa genyen asirans oswa ou genyen pwoblèm pou peye fakti lopital ou yo?

Nou kapab anmezi pou ede w. Si w ap fè fas ak difikilte finansye pèsonèl oswa frè medikal ekstrawòdinè, asistans finansye kapab disponib pou kouvri kèk oswa tout frè sèvis pasyan ki entène, sèvis dijans ak sèvis anbilatwa ki founi pa **Lopital Nuvance Health yo (Lopital Danbury, New Milford, Norwalk ak Sharon nan CT, ak Vassar Brothers Medical Center, Northern Dutchess Hospital ak Putnam Hospital Center nan NY)**

Tanpri sonje:

Lopital Nuvance Health yo pral toujou bay tretman medikal dijans san konsidere kapasite w pou peye.

Kritè

Lopital nou yo pral ba w asistans finansye sizoka **youn oswa plis** nan kondisyon sa yo reyini:

- Ou genyen youn oswa plis balans ou dwe Lopital Nuvance Health yo oswa lòt founisè yo.
- Ou te aplike epi yo te refize w elijibilite pou nenpòt nan kouvèti medikal oswa kouvèti swen sante nan pwogram Medicaid oswa pwogram Eta a akòz ou pa rive satisfè egzijans sou revni oswa lòt egzijans pou elijibilite yo.

- Ou pa elijib pou kouvèti pou sèvis lopital yo selon nenpòt lòt pwogram asirans aksidan oswa pwogram asirans sante (ki genyen ladan konpansasyon travayè, responsablite tyès pati, asirans veyikil a motè).
- Revni fanmi w nan nivo 400% oswa pi ba Gid Revni Federal la sou Povrete (Selon Gid Federal anyèl la sou Povrete).

Si revni fanmi w pi wo pase 400% Gid Federal la sou Povrete epi si w ap fè fas ak gwo fakti medikal, ou kapab elijib toujou pou yon diskont nan frè lopital la.

Kijan Mwen ka jwenn Èd?

Konseye Finansye nou genyen ki fòme yo disponib pou asiste w nan detèmine si ou kalifye pou asistans finansye. Konseye Finansye nou yo ka asiste w avèk aplikasyon pou asistans finansye nan pwogram federal yo, ak pou etabli aranjman pou peman. Epitou yo ka apwouve ajisteman nan balans ou an selon bezwen finansye ak/oswa difikilte medikal. **Tout pasyan ki kalifye pou asistans finansye nan Nuvance Health p ap peye plis pase Montan Yo Jeneralman Faktire (AGB) pou ijans oswa swen medikal ki nesèsè.**

Tanpri Kontakte Nou

Pou tout kesyon, oswa pou resevwa yon kopi GRATIS konsènan Politik sou Asistans Finansye a ak yon aplikasyon pou asistans finansye pa lapòs, imèl, oswa nan kopi papye, rele oswa vizite Sèvis Finansye Pasyan an nan:

- Danbury Hospital: (203) 739-7773
24 Hospital Avenue, Danbury, CT 06810
(San Randevou Lendi-Vandredi, 9 a.m. – 4 p.m.)
- Norwalk Hospital: (203) 852-1579
34 Maple Street, Norwalk, CT 06856
(San Randevou Lendi-Vandredi, 9 a.m. – 4 p.m.)
- New Milford Hospital:
(860) 210-5427, 21 Elm Street, New Milford, CT 06776
- Sharon Hospital: (860) 364-4275
50 Hospital Hill Road, Sharon, CT 06069
(San Randevou Lendi-Vandredi, 8 a.m. – 4:30 p.m.)
- Vassar Brothers Medical Center:
(845) 431-5693, 45 Reade Place, Poughkeepsie, NY 12601
(San Randevou Lendi-Vandredi, 8:30 a.m. – 5 p.m.)
- Putnam Hospital Center:
(845) 279-5711, x4789, 670 Stoneleigh Avenue, Carmel Hamlet, NY 10512 (San Randevou, Lendi-Vandredi 7:30 am – 4 p.m.)
- Northern Dutchess Hospital:
(845) 871-4347, 6511 Spring Brook Avenue, Rhinebeck, NY 12572
(San Randevou, Lendi-Vandredi 8 a.m. – 4 p.m.)